



## **TIT: RÈGLEMAN ASISTANS FINANSYE AK PWOSEDI YO**

**DAT KÒMANSMAN AKTYÈL:** 1ye janvye 2018

### **DEKLARASYON JENERAL SOU OBJEKTIF**

Northwell Health lite pou l amelyore sante kominote li desèvi yo e angaje l pou ofri kominote a pi bon kalite laswenyay kèlkeswa mwayen moun nan genyen pou peye. Nan kad angajman l, Northwell Health ofri ijans ak lòt swen medikal nesèsè nan pri rabè depann de sikonstans lan. Règleman Asistans Finansyè sa (Financial Assistance Policy, "FAP" ou "Règleman an") defini pwosesis k ap itilize pou detèmine si yon kliyan Northwell Health kalifye pou jwenn asistans finansyè konplè oswa pasyèl kit li pa ta gen asirans oswa pa ta gen ase asirans.

Règleman sa a ranpli fonksyon an jan sa dekri anba Seksyon IRS 501(r) jan sa te adopte an 2018 la.

### **Seksyon I. RÈGLEMAN**

Northwell Health angaje l pou l ofri sèvis ak pri trè ba, swivan bezwen finansyè, etan yon avantaj kominotè pou moun ki pa gen asirans, ki pa gen ase asirans, ki pa kalifye pou pwogram gouvènman oswa plan kouvèti lòt konpayi, oubyen otreman ki pa ka peye pou ijans oswa lòt swen medikal nesèsè. Northwell Health angaje l pou asiste ak konseye pasyan yo nan jesyon aspè finansyè swen y ap resevwa a e akonpli angajman nou pou n amelyore sante moun, fanmi ak kominote nou desèvi yo.

Règleman sa a aplike nan tout sant lopital Northwell Health ki pa peye taks yo, klinik ak sant swen ijans yo. Gen yon lis sant lopital ki pa peye enpo ke règleman sa a aplike nan yo nan Seksyon III - Pwosesis, atik A, nan regleman sila.

Pa konsidere asistans finansyè kòm swadizan ranplasman responsablite pèsonèl. Asistans finansyè disponib sèlman pou moun ki pa ka peye pou tretman yo ak ki pa gen asirans oswa ki pa gen ase asirans e ki pa kalifye pou enskripsyon tankou pou sipò adisyonèl nan pwogram gouvènman yo oubyen kouvèti lòt enstans. Pasyan dwe konfòme yo ak pwosedi Northwell Health yo pou yo ka resevwa asistans finansyè oswa lòt fòm pèyman pou kontribye nan montan lajan tretman yo swivan abilite endividyèl yo pou fè pèyman. Moun ki gen kapasite pou achte asirans sante dwe jwenn ankourajman pou fè sa kòm yon mwayen pou asire aksè yo pou resevwa sèvis swen sante pou sante yo an jeneral pou pwoteksyon byen endividyèl yo.

Asistans finansyè disponib sèlman pou sèvis sant lopital Northwell Health oswa pou doktè Northwell Health ak anplwaye ofri. Atravè règleman sa, Northwell Health pa ede pasyan peye pou sèvis yon pwofesyonèl swen sante endepandan oswa pratikan ofri, menm si sèvis sa te ofri nan youn nan lopital Northwell Health yo oswa nan lòt fasilite. Gen yon lis pwofesyonèl swen sante, ki pa sant lopital Northwell Health yo k ap ofri ijans ak lòt swen medikal nesèsè nan sant lopital yo ke Règleman Asistans Finansyè kouvri e ke pwofesyonèl swen sante pa kouvri, nan Anèks A règleman sa. Lis pwofesyonèl swen sante a toujou revize e aktyalize chak nesèsè regilyèman.

Nan lide pou n ka jere resous nou yon fason responsab e pou n pèmèt Northwell Health bay moun ki nan bezwen yo yon nivo asistans finansyè apwopriye, nou etabli kondisyon pi ba yo pou resevwa asistans finansyè. An konsekans, règleman an genyen ladan l enfòmasyon anba yo konsènan asistans finansyè:

1. Deskripsyon rezon pou kalkile montan yo chaje pasyan ki kalifye pou asistans finansyè anba règleman sa a;
2. Deskripsyon metòd nesèsè pou yon pasyan ka aplike pou asistans finansyè.
3. Deskripsyon enfòmasyon ki soti nan baz done ekstèn ou entèn ki diferan de enfòmasyon nou resevwa dirèkteman nan men endividi k ap chèche asistans finansyè a e ki ka itilize, ak nan ki sikonstans yon detèminasyon ki te fèt avan konsènan kalifikasyon yon pasyan pou l resevwa èd finansyè yo ka itilize l otomatik detèmine ke yon pasyan kalifye pou asistans finansyè;
4. Deskripsyon kijan fasilite Northwell Health yo pral byen pibliye Règleman an anndan kominote y ap sèvi yo;
5. Deskripsyon sou limit montan yon lopital ap chaje pou ijans ou lòt swen medikal nesèsè yo ofri moun ki kalifye pou asistans finansyè yo rive nan (1) kantite yo faktire jeneralman (2) nenpòt rabè disponib swivan echèl gradyèl ki nan atik F nan Seksyon III - Pwosedi Règleman sa.

## Seksyon II. Definasyon

Fas ak règleman sa, men kijan tèm yo defini:

**Montan yo Faktire Jeneralman (Amount Generally Billed, AGB):** Se kantite yo faktire jeneralman moun ki gen asirans ki kouvri tip de swen sa yo pou ijans ou lòt swen medikal nesèsè.

**Pousantaj AGB:** Se pousantaj chaj de baz yon etablisman lopital itilize pou detèmine AGB pou nenpòt ijans ou lòt swen medikal nesèsè li ofri moun ki kalifye pou asistans anba Règleman Asistans Finansyè a.

**Dokimantasyon:** Konpoze de yon aplikasyon pwogram asistans finansyè (“Aplikasyon”). Aplikasyon an (kit ou soumèt li sou fòm kopi papyè enprime ou elektwonikman atravè antrevi nan telefòn) gen ladan li verifikasyon salè dènye trant (30) jou revni travay.

**Kondisyon Medikal Ijan:** jan sa defini nan seksyon 1867 Lwa Sekirite Sosyal (Social Security Act (42 U.S.C. 1395dd)), ke yo rele tou Lwa Sou Trètman Medikal Ijans ak Tranche Aktif la (Emergency Medical Treatment and Active Labor Act, EMTALA). EMTALA defini yon kondisyon medikal ijans tankou yon kondisyon medikal ki manifeste tèt li atravè sentòm britsoukou ki gravman sevè ke nan absans entèvansyon medikal rapid nou ka sètènman espere rezilta sa yo: (i) plase sante moun nan gwo danje; (ii) nan fonksyonman grav nan kò yo; (iii) movèz fonksyonman nenpòt pati nan ògàn kò. EMTALA defini etan yon kondisyon medikal ijans ki gen ladan yon fanm ansent ki gen tranche.

**Aksyon Ekstrawòdinè pou Koleksyon (Extraordinary Collection Action, ECA):** Gen ladan tout aksyon ke Northwell Health ka pran kont yon moun pou touche pèyman fakti pou swen ki kouvri anba règleman sa: (1) Aksyon ki nesosite yon pwosesis legal ou jiridik, (2) rapòte move enfòmasyon voye bay ajans kredi pou konsomatè oubyen biwo kredi, (3) mete yon lin e/ou poze sele sou yon byen fonsye, (4) asiyen ou sezi yon kont bankè ou gani salè, ou (5) difere, refize ou egzije pèyman avan menm yo bay swen medikal non-ijan akòz pèyman yon dèt oparavan ki pa t janm fèt pou yon sèvis swen ki kouvri anba Règleman Asistans Finansyè a.

**Fanmi:** Daprè definisyon Biwo Resansman an, se yon gwoup de ou plis moun ki rete ansanm e ki relye pa nesans, maryaj (ak moun ki marye pa lwa komen, “common Law”), ou adopsyon. Daprè règleman Sèvis Revni Entèn (IRS) si pasyan an deklare yon moun kòm yon depandan nan deklarasyon enpo sou salè yo (income tax return), yo ka konsidere yo kòm yon depandan nan optik pou jwenn asistans finansyè. Northwell Health rezève dwa pou valide responsabilite pou nenpòt manb fanmi ki nan lis.

**Revni Fanmi:** Revni fanmi gen ladan l onorè, salè, chomaj, konpansasyon, konpansasyon travayè, Sekirite Sosyal, Revni Sekirite Sipleman, asistans piblik, pèyman veteran, avantaj reskape, revni pansyon ou retrèt, lwaye kay, avantaj ak frè ki soti nan pwòp biznis pa yo, enterè, dividann, lwaye, redevans, revni sou gwo pwopriyete, testaman, alimoni, sipò timoun (Child support) ak divès lòt sous. Revni fanmi evalye anvan yo retire enpo (taks) e li pa gen ladan sou genyen oswa pèt kapital. Si yon moun abite ak yon fanmi, revni tout manb fanmi an ka enplike. (Moun ki abite ansanm nan yon kay ki pa fanmi pa konte). Avantaj ki pa sou fòm kach tankou kupon manje (food stamps) ak sibvansyon lojman pa konsidere kòm revni.

**Frè Avan Taks:** Total frè pou bay yon pasyan swen ak lòt sèvis nan yon etablisman Northwell baze sou pri ki te deja etabli avan yo fè nenpòt dediksyon sou total frè a.

**Sèvis Nesèsè pou Rezon Medikal** Sèvis swen sante yon doktè, k ap egzèse jijman klinik pridan, t ap bay yon pasyan pou evalye, dyagnostike, oswa trete yon chòk, maladi oswa sentòm li yo, epi ki: (a) konfòm ak estanda jeneral pratik medikal yo aksepte yo; (b) apwopriye klinikman; epi (c) pa prensipalman pou rann lavi pasyan an pi fasil.

**Rezime Règleman an Nan Yon Lang Senp (Plain Language Summary of the Policy, PLS):** A yon deklarasyon alekri ki notifiye yon moun lopital la ofri asistans finansyè epi li bay enfòmasyon sa yo nan yon langaj ki klè, kout, epi fasil pou konprann:

1. Yon deskripsyon tou kout sou kondisyon pou kalifye ak asistans yo ofri sou Règleman Asistans Finansyè a
2. Yon rezime tou kout sou fason pou aplike pou asistans sou Règleman Asistans Finansyè a
3. Adrès sitwèb dirèk la (oswa URL) ak adrès fizik kote moun nan kapab jwenn kopi FAP a ak fòm Aplikasyon an
4. Enstriksyon sou kijan moun nan ka jwenn yon kopi Règleman Asistans Finansyè a ak Aplikasyon an pa lapòs gratis.
5. Enfòmasyon pou pran kontak, ki gen ladan nimewo telefòn ak adrès fizik biwo lopital la oswa depatman an ki ka bay enfòmasyon sou Règleman Asistans Finansyè a ak èd ak pwosesis aplikasyon an.

6. Yon deklarasyon sou tradiksyon Règleman Asistans Finansyè a, Aplikasyon an, ak Rezime nan yon Lang Senp ki disponib nan lòt lang, si sa apwopriye
7. Yon deklarasyon ki di yo pa ka fè yon moun ki kalifye pou asistans finansyè peye pou plis pase AGB pou ijans ak lòt swen ki nesèsè pou rezon medikal.

**Lang Prensipal** Se lang moun ki gen konpetans limite nan Anglè (Limited English Proficiency , LEP) ki ekivalan senk (5) pousan ou 1000 rezidan, nenpòt sa ki pi ba, pami kominote Northwell Health desèvi yo.

**Pa Gen ase Asirans:** Pasyan an gen anpe asirans sante ou asistans yon lòt moun men ka gen depans lajan kach ki depase kapasite finansye yon pasyan.

**Pa Gen Asirans** Pasyan an pa gen okenn asirans sante ou asistans yon lòt moun pou ede yo kouvri frè pèyman pou swen sante.

### Seksyon III. PWOSEDI

#### A. Sèvis ki Disponib anba Règleman Asistans Finansyè Northwell Health.

Pou rezon règleman sa a, "asistans finansyè" refere ak sèvis swen sante yo bay nan Northwell Health ak yon rabè bay pasyan ki kalifye yo. (Pasyan ki kalifye yo pa bezwen peye pou sèvis pedyatrik ak prenatal yo) Men sèvis swen sante ki kalifye pou asistans finansyè:

1. Sèvis medikal ijan pou nenpòt moun k ap viv nan zòn sèvis Northwell Health la, tankou pasyan ki nan nenpòt Depatman Ijan Northwell Health (ki gen ladan transfè anba Lwa Sou Trètman Medikal Ijans ak Tranche Aktif la (EMTALA));
2. Sèvis pou yon pwoblèm medikal ou ki te ka vin gen yon move konsekans sou sante yon moun si yo pa trete li byen vit;
3. Sèvis ki nesèsè yo ba ou pou reponn sikonstans ki menase lavi nan yon sal ki pa pou ijans; ak
4. Sèvis swen medikal ki pa ijan ou bezwen pou rezon medikal.

N ap bay pasyan ki rete nan yo asistans finansyè Rejyon Tri-State New York.

Desizyon konsènan nesèsite se responsablite pwofesyonèl kap bay swen sante, san konsidere kapasite pou pasyan an peye. Northwell Health pap angaje l nan aksyon k ap dekouraje moun chache swen medikal ki ijan.

Northwell Health pa oblije pasyan nan departman ijans lan pou peye anvan yo jwenn tretman pou kondisyon medikal ki ijan ni Northwell Health pa pèmèt koleksyon dèt nan departman ijans lan ou lòt kote ke aktivite sa yo ka entèfere ak swen ijans san diskriminasyon.

#### B. Kalifikasyon pou Asistans Finansyè.

Nou pral konsidere kalifikasyon pou Asistans Finansyè pou moun ki se rezidan zòn sèvis la (jan li note anwo a) epi ki pa gen asirans, ki pa gen ase asirans, ki pa kalifye pou pwogram gouvènman ki t ap peye pou sèvis yo, oswa ki pa t ap ka peye pou swen yo / oswa ki te itilize tout avantaj pou sèvis ki garanti yo.

N ap bay asistans finansyè selon bezwen finansye moun nan konfòmeman ak règleman sa a, epi nou pa pral gade sou laj, sèks, ras, koulè, orijin nasyonal, relijyon, kondisyon sosyal oswa sityasyon ak imigran, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, eta sivil, andikap fizik, oswa andikap mantal.

Patisipasyon nan FAP (a) kapab depann selon volonte yon pasyan pou aplike pou Medicaid oswa lòt pwogram asirans piblik pasyan an kapab kalifye pou li selon evalyasyon Northwell Health, epi (b) bezwen pasyan an kolabore nèt ale ak kondisyon Aplikasyon Northwell Health yo, tankou bay enfòmasyon pèsònèl, enfòmasyon sou finans, oswa lòt enfòmasyon ki nesèsè pou konnen si li nan bezwen vre.

Lè n ap konsidere aplikasyon pou FAP yo, Northwell Health gen dwa pou:

1. Konsidere si moun nan kalifye pou asistans finansye nenpòt moman avan oswa apre li resevwa sèvis ak / oswa nenpòt lè pandan sik faktirasyon ak koleksyon an;
2. Mande aplikasyon pou kalifikasyon pou asistans finansye pou chak vizit medikal oswa admisyon nan yon etablisman Northwell;
3. Fè modifikasyon difikilte nan nenpòt aspè nan Règleman Asistans Finansyè a;
4. Itilize kondisyon ki nan règleman sa a pou pasyan ki p ap viv nan zòn sèvis prensipal chak lopital jan NYSDOH defini li; epi
5. Itilize enfòmasyon deyò nou jwenn sou revni nan men resous ki disponib pou itilize nan kantite moun ki fanmi an ak verifikasyon revni.

Kalifikasyon pou pwogram nan baze sou dènye Revni Fanmi ou epi pwogram nan disponib pou moun ki gen revni fanmi yo ki pi piti pase sa ki endike anba la a:

Moun nan Kay / Kantite Moun ki nan Fanmi	Revni Maksimòm Moun nan Kay (500% Gid Pòvreté Federal 2018 la)
1	\$60,700
2	\$82,300
3	\$103,900
4	\$125,500
5	\$147,100
6	\$168,700
Pou chak moun anplis, ajoute:	\$21,600

### **C. Metòd pou Aplike pou Asistans Finansyè**

1. Pasyan yo dwe aplike pou asistans finansyè nan katrevendis (90) de dat ki mansyone nan premye resi fakti aprè l fin egzeyate; sepandan pasyan gen yon minimòm desan karant (240) jou pou aplike e soumèt yon aplikasyon konplè.
2. Pasyan yo ka aplike pou asistans finansyè lè yo soumèt yon aplikasyon oswa atravè pwosesis entèraktif ak yon konseye finansyè. Pou Northwell Health ka detèmine kalifikasyon pou jwenn asistans finansyè pasyan dwe ranpli aplikasyon an e soumèt tout pyès nesèsè. Ou ka jwenn aplikasyon nan fason sa yo:
  - a) Sou entènèt nan sit w ap jwenn nan Seksyon III Pwosesis yo- Atik J;
  - b) Si w rele reprezantan sèvis kliyantèl nan nimewo telefòn ki anba nan Seksyon III Pwosesis yo- Liy J; oswa
  - c) Si w kontakte yon konseye finansyè nan etablisman ki site nan lis anba a nan Seksyon III Pwosesis - Atik J.
3. Nou atann pou moun ki aplike pou èd finansyè yo pou yo kolabore nèt lè w ap aplike pou pwogram asirans piblik (pa egzanzp, Medicaid, Child Health Plus, elatriye) Northwell Health kwè ou ka kalifye pou resevwa.
4. Tanpri voye aplikasyon ou fin ranpli a nan adrès ki anba a nan Seksyon III Pwosesis yo- Atik J;
5. Apre li fin voye aplikasyon ranpli a nan youn nan metòd yo ki anwo a, pasyan an pa bezwen okipe okenn fakti / deklarasyon jiskaske li resevwa yon notifikasyon alekri konsènan sitiyasyon aplikasyon asistans finansyè a. Pasyan an ta sipoze resevwa notifikasyon kalifikasyon pou asistans finansyè a alekri nan yon espas trant (30) jou oswa u apre li soumèt yon aplikasyon konplè.

Apre nou fin resevwa yon aplikasyon pou asistans finansyè konplè, k ap kanpe nenpòt ak tout pwosesis ECA k ap fèt pou pasyan an.

Si yo twouve yon pasyan kalifye pou asistans finansyè, y ap bay li yon fakti modifiye ki pral endike kantite lajan li dwe, kijan yo te detèmine kantite lajan an, ak pousantaj AGB yo mete a. N ap ranbouse pasyan an nenpòt lajan li peye an plis sa nou deside li dwe a.

Tout desizyon sou kalifikasyon pou asistans finansyè ap fèt alekri. Yon notifikasyon pou bay refi pou asistans finansyè pral eksplike rezon refi a, yon apèsi sou pwosesis kontestasyon an, ak enstriksyon pou soumèt yon kontestasyon.

Ou ka depoze kontestasyon nan yon espas trant (30) jou apre ou resevwa avi refi a. N ap pran yon desizyon sou kontestasyon ou a nan yon espas trant (30) jou apre nou resevwa kontestasyon ou an. N ap kontakte pasyan yo alekri pou bay yo desizyon sou kontestasyon yo a.

Si nou resevwa yon aplikasyon ki pa konplè, pasyan an ap resevwa yon avi alekri ki dekri plis enfòmasyon oswa dokimantasyon ki nesèsè pou pran yon desizyon sou kalifikasyon pou asistans finansyè. W ap bezwen bay plis enfòmasyon oswa dokimantasyon nan yon espas 30 jou apre ou resevwa notifikasyon an. Pasyan an dwe atann pou resevwa avi pou fè swit regilyèman pou fakti li pa peye, men n ap kanpe nenpòt ECA nou te lanse jiskaske nou pran yon desizyon sou kalifikasyon pou asistans finansyè.

#### **D. Dokimantasyon ki Obligatwa ak Detèminasyon pou Asistans Finansyè.**

Nou pral detèmine asistans finansyè ka pa ka.

Dokimantasyon nou mande pandan pwosesis aplikasyon an kapab mande pou pasyan an oswa garan pasyan an bay enfòmasyon pèsonèl, enfòmasyon finansyè, ak lòt enfòmasyon oswa dokimantasyon ki verifye Revni Fanmi an. Pou pran yon desizyon sou asistans finansyè, ou kapab bezwen bay kèk oswa tout nan bagay sa yo:

- a. Yon aplikasyon ki ranpli nèt;
- b. Deklarasyon taks sou revni;
- c. Omwen de (2) dènye souch chèk;
- d. Omwen twa (3) etadkont labank pi resan pou kont depay ak kont kouran;
- e. Lòt prèv revni jan li defini nan "Revni Fanmi" ki nan seksyon "Definisyon" nan règleman sa a;
- f. Etadkont kat kredi ou dwe lajan; ak
- g. Dokimantasyon lòt dèt ki nan seksyon "Definisyon" nan règleman sa a;

Si yon aplikan pa gen okenn nan dokiman yo li nan lis la pou bay prèv revni nan kay li, aplikan an kapab rele biwo asistans finansyè lopital la ki note nan Seksyon III Pwosedi - Atik J anba a epi diskite lòt prèv ou te kapab bay pou montre ou kalifye.

Northwell Health kapab mande plis dokimantasyon ki gen pou wè ak byen pou pasyan ki gen revni moun lakay yo ki anba 150% Nivo Pòvreté Federal (Federal Poverty Guidelines, FPG).

Epi tou Northwell Health kapab:

- a. Mande pasyan an pou li patisipe ansanm ak li nan efò pou aplike pou lòt sou pèyman pou sèvis swen sante yo te ba ou epi petèt pou jwenn asirans swen sante nan pwogram pèyman piblik ak prive.
- b. Konsidere byen pasyan an genyen ki depase \$10,000 (sa pa gen rezidans prensipal ak yon machin li itilize pou transpò chak jou pou ale lekòl travay ladan). Northwell Health pral konsidere sèlman 25% total "valè lib" byen ki disponib, yo pral ajoute sou kantite Revni Fanmi pou detèmine kalifikasyon;
- c. Konsidere lòt resous ki disponib pou pasyan an; epi



- d. Mete yon evalyasyon kont pasyan an dwe pou sèvis li te resevwa avan ak kijan pasyan an te konn peye avan.

Northwell Health pa pral refize yon pasyan asistans finansyè si li pa bay dokimantasyon ki pa nan règleman sa a.

Nou pa pral pwograme okenn sèvis ki pa ijan avan yon pasyan mande asistans finansyè; men, jeneralman fòk gen yon detèminasyon sou asistans finansyè avan pasyan an ap ka jwenn sèvis. N ap kenbe aplikasyon pou asistans finansyè a nan dosye nou pou twa (3) mwa epi nou kapab itilize li pou detèmine si yon pasyan kalifye pou sèvis li resevwa apre. Nou kapab re-evalye bezwen pou asistans finansyè nenpòt lè nou vin aprann plis enfòmasyon ki enpòtan pou kalifikasyon pasyan an pou asistans finansyè.

Nou pral mete asistans finansyè nan nivo ki apwouve pou nenpòt kont pasyan an pa te peye li kapab genyen san gade sou dat sèvis la.

#### **E. Kalifikasyon pou Asistans Finansyè Prezime ak Enfòmasyon nou jwenn nan lòt Sous.**

Genyen ka kote yon pasyan kapab resevwa rabè nan asistans finansyè san yon aplikasyon pou asistans finansyè ekri / fòmèl nan dosye yo. Souvan pasyan an pa bay ase enfòmasyon oswa Northwell Health pa jwenn ase enfòmasyon nan lòt sou yo, epi sa kapab lakòz nou pa gen ase prèv pou bay pasyan an asistans finansyè.

Nan ka sa yo, Northwell Health kapab itilize ajans endepandan pou evalye revni avan dediksyon pou detèmine si yon moun kalifye oswa pran yon desizyon selon enskripsyon pasyan an nan lòt pwogram asistans ki pa asosye ak Northwell Health. Yon fwa konseye finansyè a decide, paske se prezime y ap prezime, pasyan an kapab kalifye pou yon rabè sou balans li dwe a. Si nou prezime yon pasyan kalifye pou pi piti pase maksimòm asistans ki disponib anba règleman sa a, Northwell Health pral notifiye pasyan an, alekri, konsènan rezon yo prezime li kalifye pou asistans finansyè a, ak kijan pou yo aplike pou plis asistans finansyè. N ap bay pasyan an yon kopi PLS la tou. Nou kapab mete lòt sous done pou fè yon desizyon prezime sou kalifikasyon ki soti nan patisipasyon pasyan an nan lòt pwogram oswa disponiblite lòt enfòmasyon deyò tankou:

1. Pwogram preskripsyon leta a finanse;
2. Sanzabri oswa te resevwa swen nan yon klinik pou sanzabri;
3. Patisipasyon nan Fanm, Tibebe ak Timoun (Women, Infants and Children, WIC)
4. Kalifikasyon pou kupon manje;
5. Kalifikasyon pou pwogram manje midi nan lekòl sibvansyon;
6. Kalifikasyon pou lòt pwogram asistans leta oswa lokal ki pa finanse (tankou Kantite lajan limit Medicaid);
7. Bay lojman revni ba / sibvansyon kòm yon adrès valid;
8. Pasyan an mouri men li pa gen byen;
9. Pasyan ki enskri nan pwogram Medicaid yo ki itilize yon revni fanmi defini sou oswa anba 100% Gid Pòvrete Federal la, espesyalman, Medicaid pou Fanm Ansent - Sèvis Pou Gwosès Sèlman oswa Sèvis Planing Familyal ak EMSA;
10. Pasyan ki gen plan asirans Medicaid nan lòt eta ki p ap patisipe;
11. Pasyan nou idantifye gen revni ki anba 100% Gid Pòvrete Federal la gras a aksè sous enfòmasyon deyò apre yo te resevwa sèvis yo; ak



12. Itilizasyon sous done ki disponib piblikman (tankou ajans rapò kredi) ki bay enfòmasyon sou kapasite yon pasyan oswa yon garan pasyan pou peye (tankou nòt kredi).

Pou rann li pi fasil pou sanble dokiman pou trete Aplikasyon FAP a ak / oswa pwosesis evalyasyon finansyè a, Northwell Health kapab ranseye nou sou kredi ki pa vizib / ki transparan pou moun k ap bay kredi yo (sèlman vizib pou pasyan an oswa moun ki responsab la), epi pa gen okenn enpak sou sityasyon kredi pasyan an oswa kapasite yo pou jwenn kredi pi devan (tankou pwen FICO).

Nou kapab itilize ransèyman yo pou:

1. Bese chay administratif pasyan an (sanble dokiman); ak / oswa
2. Detèmine kalifikasyon prezime pou pasyan yo, garan ak / oswa reprezantan legal pasyan an ki pa etabli kontak ak Northwell Health pandan sik faktirasyon ak koleksyon an malgre efò regilye ak tradisyonèl Northwell Health yo.

#### **F. Gid Konsènan Asistans Finansyè Pasyan.**

Northwell Health itilize Direktif **Povrete** Federal la (FPG); sa ki anvigè lè y ap egzaminen aplikasyon an, pou detèmine kalifikasyon pu nivo asistans finansyè. Depatman Sèvis Sante ak Sèvis Sosyal (Department of Health and Human Services) pibliye FPG a chak ane epi Northwell Health pral mete FPG a ajou chak ane epi l ap anvigè apatide 1ye mas oswa trant (30) jou apre dat piblikasyon an, sa ki vini pi ta a.

Sa pral depann selon lòt byen ki disponib.

1. Pasyan revni yo nan 100% FPG a oswa pi ba kalifye pou resevwa sèvis ijan oswa sèvis ki nesesè pou rezon medikal yo gratis oswa ak y ap gen yon ti pèyman pou fè nan nivo NYSDOH defini an; epi
2. Pasyan revni yo nan 500% FPG a oswa plis kalifye pou resevwa sèvis ijan oswa sèvis ki nesesè pou rezon medikal jan li defini nan tablo echèl frè varyab ki anba a.

Northwell Health itilize to Medicaid yo kote yo gade "pa dèyè" pou kalkile Kantite yo Faktire Jeneralman pou tout lopital ki gen egzansyon li yo sòf pou Huntington Hospital Association, Northern Westchester Hospital Association, Phelps Memorial Hospital Association, Northwell Health Physician Partners (ki te rele North Shore LIJ Medical Group avan), ak Staten Island University Hospital, ki itilize to Medicare kote yo gade pa dèyè pou Kantite yo Faktire Jeneralman.

Pou jwenn plis enfòmasyon enpòtan konsènan pousantaj AGB lopital yo, ansanm ak enfòmasyon sou kijan Northwell Health kalkile pousantaj sa yo gratis, ou kapab mande yo nan sitwèb Northwell Health la [www.northwell.edu/find-care/locations](http://www.northwell.edu/find-care/locations) oswa kontakte biwo asistans finansyè nou an nan nimewo 1-800-995-5727.

N ap limite montan nou mande pasyan ki kalifye pou asistans yo peye a AGB ki pi piti a oswa echèl frè varyab ki anba a:

Salè ou avan dediksyon ak Byen ou kòm % FPG	Responsablite Pasyan (% AGB)
<b>100% oswa mwens</b>	<b>\$0 - \$150</b>
<b>101% a 125%</b>	<b>10%</b>
<b>126% a 150%</b>	<b>15%</b>
<b>151% a 200%</b>	<b>20%</b>
<b>201% a 250%</b>	<b>25%</b>
<b>251% a 300%</b>	<b>35%</b>
<b>301% a 500%</b>	<b>100%</b>

Anplis de sa, pasyan ki pa gen asirans epi ki pa asirans ki gen revni fanmi an depase 500% nan FPG a ap resevwa rabè swen si yo reklame difikilte epi yo pa pral chaje plis pase pousantaj asirans komèsyal dominan yo.

#### **G. Kominikasyon Pwogram Asistans Finansyè pou Pasyan yo ak Piblik la.**

Northwell Health itilize plizyè mwayen bay avi piblik konsènan disponiblite asistans finansyè, tankou avi nan fakti pasyan yo, sal dijans, sant swen ijan, depatman admisyon ak enskripsyon, biwo komèsyal lopital yo, klinik, ak biwo sèvis finansyè pasyan yo ki nan kanpis lopital Northwell Health yo. W ap jwenn enfòmasyon nan sitwèb lopital Northwell Health yo tou. An plis, Northwell Health bay rezime pwogram asistans finansyè yo bay ajans piblik lokal ak òganizasyon charite ki desèvi bezwen sante popilasyon kominote a ki gen revni ba.

Nenpòt manm pèsonèl Northwell Health, tankou doktè, enfimyè, konseye finansye, travayè sosyal, manadjè dosye, chaplen, ak esponsò relijye kapab refere pasyan pou asistans finansyè. Pasyan an oswa yon fanmi, zanmi pwòch, oswa asosye pasyan an kapab mande asistans finansyè, depi sa respektè lwa sou vi prive ki an vigè. Northwell Health pral fè efò pou kontakte pasyan ki pa gen asirans yo, pandan yo nan lopital la, avan yo soti nan yon lopital Northwell Health pou bay yon konsèy finansye, tankou enfòmasyon sou pwogram pèyman ak asistans finansyè.

Aplikasyon Règleman Asistans Finansyè ak Rezime Règleman an nan yon Langaj Senp Northwell Health yo disponib nan lang angle ak lang prensipal popilasyon ak Konpetans Nan Lang Angle yo Limite.

N ap notifiye pasyan yo konsènan asistans finansyè ki disponib pandan admisyon an, enskri yo, ak nan pwosesis konsèy finansye a. Nou pral ofri tout pasyan yo PLS la kòm yon pati pwosesis admisyon an. Kapab gen sèvis tradiksyon disponib pou pasyan ki pa pale angle epi ki pa satisfè kritè pou konstitiye Lang Prensipal.

## **H. Règleman Konsènan Faktirasyon ak Koleksyon.**

Northwell Health gen règleman ak pwosedi pou pratik koleksyon entèn ak ekstèn (tankou aksyon lopital la kapab pran si yon pasyan pa peye, tankou koleksyon ak rapò bay ajans kredi yo) ki konsidere nivo yon pasyan kalifye pou asistans finansyè, efò yon pasyan fè ak bòn fwa pou aplike pou yon pwogram gouvènmantal oswa pou asistans finansyè nan men Northwell Health, ak efò yon pasyan fè ak bòn fwa pou konfòme ak akò li ak Northwell Health pou peye. Pou pasyan yo ki kalifye pou asistans finansyè epi ki kolabore an bòn fwa pou regle fakti lopital ak rabè yo, Northwell Health kapab ofri plan pèyman pwolonje, epi li pa pral enpoze yo sezi salè li oswa mete poze-sele sou rezidans prensipal li, epi yo pral kanpe tout efò koleksyon, amwenske pasyan an pa respekte akò pèyman an oswa pasyan an sispann kolabore ak Northwell Health pou regle kont li a.

Tout fakti Northwell Health voye pral gen yon avi fasil pou wè ki di asistans finansyè disponib, ansanm ak yon nimewo telefòn yon pasyan kapab rele pou resevwa enfòmasyon ou FAP ak asistans avèk pwosesis aplikasyon an. Fakti a pral gen adrès sitwèb kote y ap ka jwenn kopi FAP a, Aplikasyon an, ak PLS la.

Northwell Health, oswa ajan li yo pa pral itilize ECA jiska 120 jou apre lopital la bay pasyan an premye fakti apre li soti lopital la. Y ap bay pasyan yo yon avi yon minimòm trant (30) jou ou avan yo lanse nenpòt ECA. Northwell Health gen dwa pou fè sa kont nenpòt moun ki te aksepte responsablite oswa ki oblije aksepte responsablite pou fakti lopital yon pasyan. Avi sa a pral enfòmasyon pasyan yo konsènan asistans finansyè ki disponib, ak nenpòt ECA Northwell Health kapab kòmanse oswa rekòmanse si yon pasyan pako peye yon balans li dwe oswa kòmanse pwosesis asistans finansyè a. Ap gen yon kopi PLS la nan avi 30 jou a tou.

## **I. Egzijans Regilatwa.**

Northwell Health konfòm ak tout lwa, règ, ak regilasyon federal, eta, ak lokal ki gen pou wè ak aktivite ki nan règleman sa a.

## **J. Biwo Konsèy Finansye Northwell Health yo**

**Inite Asistans Finansyè Northwell Health ki note anba yo la a ofri sèvis konsèy finansye pou etablisman sa yo:** *North Shore University Hospital, Long Island Jewish Medical Center, Cohen Children's Medical Center, The Zucker Hillside Hospital, Huntington Hospital, Lenox Hill Hospital, Manhattan Eye, Ear and Throat Hospital, Staten Island University Hospital, Long Island Jewish Valley Stream, Long Island Jewish Forest Hills, Glen Cove Hospital, Plainview Hospital, Southside Hospital and Syosset Hospital.*

Northwell Health  
Inite Asistans Finansyè  
35 Pinelawn Road  
Melville, NY 11747-9001  
Telefòn: 1.800.995.5727

Adrès Postal:  
Northwell Health  
Inite Asistans Finansyè  
PO Box 9001  
Melville, NY 11747-9001

Adrès entènèt

[www.northwell.edu/manage-your-care/financial-aid-programs/financial-assistance-program;](http://www.northwell.edu/manage-your-care/financial-aid-programs/financial-assistance-program;)

**Northern Westchester Hospital**

Depatman Kont Pasyan  
400 East Main Street  
Mount Kisco, NY 10549-1096  
Telefòn: 914.666.1512

Adrès entènèt: [www.nwhc.net/for-patients-and-visitors/financial-assistance](http://www.nwhc.net/for-patients-and-visitors/financial-assistance)

**Phelps Memorial Hospital Center**

Konsèy Finansye  
701 North Broadway  
Sleepy Hollow, NY 10591-1096  
Telefòn: 914.366.3133  
Imèl: [billing@pmhc.us](mailto:billing@pmhc.us)

Adrès entènèt: [www.phelpshospital.org/patient-visitor-info/billing/](http://www.phelpshospital.org/patient-visitor-info/billing/)

**Peconic Bay Medical Center**

Kowòdonatè Asistans Finansye  
1300 Roanoke Avenue  
Riverhead, NY 11901  
Telefòn: 631.548.6099

Adrès entènèt: [www.pbmchealth.org/medical-centers-and-services/peconic-bay-medical-center/billing/](http://www.pbmchealth.org/medical-centers-and-services/peconic-bay-medical-center/billing/)